# SOCIALLIQ TARMAQ BLOGERLIGINIŃ JÁMIYETTEGI ORNI HÁM TÁSIRI

**O'mirbaeva Aziza Bekbergen qızı**
*Berdaq atındaği Qaraqalpaq mámleketlik universiteti,*
*jurnalistika fakulteti magistrantı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada sociallıq tarmaq blogerliginiń zamanagóy xabar maydanındağı ornı, onıń jámiyetke oń hám keri tásirleri tallanǵan. Blogerlik xızmetiniń xabar tarqatıwdağı áhmiyeti, jámiyetlik pikirge tásir kórsetiwdegi roli hám xabar mádeniyatın qáliplestiriwdegi ornı jaqtırılǵan. Sonday-aq, jalǵan xabarlardıń tarqalıwı, jaslar sana-sezimige tásiri hám juwapkershilik máselesi haqqında pikirler bayan etilgen.*

**Gilt sózler:** *sociallıq tarmaq, blogerlik, xabar jámiyeti, jámiyetlik pikir, jalǵan xabar, xabar mádeniyatı, tásir.*

## KIRISIW

Búgingi globallasıw hám sanlı texnologiyalar dáwirinde sociallıq tarmaqlar adam turmısınıń ajıralmas bólegine aylandı. Internet paydalanıwshıları sanınıń jıl sayın artıp baratırǵanı, xabar alıw hám tarqatıw barısın pútkilley jańasha túrge salıp qoydı. Usı processte blogerler - yaǵnıy sociallıq tarmaqlarda óz xızmeti arqalı belgili bir baǵdarda pikir bildiriwshi hám kórermenge tásir kórsetiwshi adamlar - áhmiyetli jámiyetlik qubılıs sıpatında qáliplesti.

Blogerlik tek jeke pikir bildiriw quralı emes, al jámiyetlik pikirdi baǵdarlawshı kúshke aylanpaqta. Olar arqalı jámiyette siyasiy, mádeniy, ekonomikalıq, bilim beriw hám ruwxıy máseleler dodalanadı. Sonıń menen birge, blogerliktiń tásiri tek oń emes, al belgili dárejede keri jaǵdaylardı da keltiripshıǵarmaqta. Mısalı, tekserilmegen maǵlıwmatlar, jalǵan xabarlar (feykler) yamasa jeke mápten kelip shıqqan xabarlar jámiyette nadurıs juwmaqlarǵa sebep bolıwı múmkin.

Usı kózqarastan, sociallıq tarmaq blogerliginiń jámiyettegi ornı hám tásirin úyreniw búgingi kúnniń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Maqalada blogerliktiń jámiyetlik turmıstaǵı rolin tallaw, onıń jámiyetlik sana hám mádeniyatqa tásirin jaqtırıw hám onıń juwapkerli xızmetin támiyinlew jolları kórsetiledi.

Sociallıq tarmaq blogerliginiń mánisi

Blogerlik - bul jeke pikir hám tájiriybeni keń kórermenge jetkeriw ámeliyatı bolıp, ol dástúrli ǵalaba xabar qurallarınan parıqlı túrde tezlik hám interaktivlik qásiyetlerine iye. Sociallıq tarmaq blogerleri hár túrli temalarda - siyasat, bilim beriw, mádeniyat, moda, ekonomika, texnologiya hám basqalar haqqında maǵlıwmat beriw arqalı jámiyette xabar almasıwın támiyinleydi.

Blogerliktiń oń tásiri

- Xabardıń tez tarqalıwı hám ashıqlıqqa úles qosıwı;
- Jaslar arasında jámiyetlik belsendilik hám oyshıllıqtı rawajlandırıwı;

• Bilim beriw hám ruwxıy násiyat jumıslarında nátiyjelikligi;

• Jámiyette áhmiyetli máselelerge dıqqat qaratıw hám jámiyetlik ádalattı qollap-quwatlaw imkaniyatın jaratıwı.

Blogerliktiń keri tásiri

• Jalǵan xabarlar hám tekserilmegen maǵlıwmatlardıń tarqalıwı;

• Jeke máp yamasa reklama maqsetinde jámiyetlik pikirdi manipulyaciya etiw jaǵdayları;

• Jaslar sana-seziminde virtual turmısqa artıqsha berilip, haqıyqıy turmıstan uzilisiw tendenciyası;

• Xabar mádeniyatı hám juwapkershilik dárejesiniń tómenligi.

Xabar mádeniyatı hám bloger juwapkershiligi

Házirgi zaman blogeri tek xabar tarqatıwshı emes, al onıń tásiri ushın juwapker adam da esaplanadı. Sonlıqtan, hár bir bloger xabar dereklariniń isenimliligin tekseriwi, jeke etika hám mádeniyat qáǵiydalarına ámel etiwi tiyis. Xabar mádeniyatınıń joqarılawı tek mámleket yamasa platforma dárejesinde emes, al hár bir puqaranıń juwapkershiligi menen baylanıslı.

Juwmaq

Sociallıq tarmaq blogerligi búgingi kúnde jámiyette áhmiyetli xabar maydanı sıpatında qáliplesken. Onıń oń tárepleri - ashıqlıq, tezlik hám pikir erkinligin támiyinlese, keri tárepleri - jalǵan xabar hám manipulyaciya qáwpin keltiripshıǵaradı. Sonıń ushın blogerlik mádeniyatın arttırıw, xabar tekseriw sistemaların kúsheytiw hám puqaralardı media sawatlılıqqa úyretiw arqalı sociallıq tarmaqlardı jámiyettiń rawajlanıwına xızmet etetuǵın maydanǵa aylandırıw zárúr.

## PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:

1. Sh. A. Axadov. Sotsiologiya (o‘quv qo‘llanma). 2007.
2. Aleksey Zlobin. YouTube i sotsialnye seti kak istochniki trafika dlya CPA-offerov.
3. B. Ts. Tsydypov. Sotsialnye seti kak sredstvo informatsionno-pedagogicheskogo vzaimodeystviya (maqola). 2023.